

Sante Dan an Deplasman Pwogram Prevansyon

Rural Health kapab vwayaje nan lòt kote pou bay sèvis swen pou dan avèk ekipman pòtatif. Rele nan nimewo 757-442-4819, estansyon 1158 pou plis detay.

Kounye a pwogram swen pou dan an dep lasman an prale nan Accomack County Public Schools san li pa gen okenn adrès fiks swen dan Rural Health ki pèmanan.

Biwo Dantis yo

Lè ou rele Eastern Shore Rural Health, tanpri peze 5 pou jwenn èd an Kreyòl pandan lè biwo.

Atlantic Community Health Center

5219 Lankford Highway • New Church, VA 23415
757-824-5676 • Fax 757-824-5872

Eastville Community Health Center

17068 Lankford Highway • Eastville, VA 23347
757-331-1086 • Fax 757-442-9505

Franktown Community Health Center

9159 Franktown Road • Franktown, VA 23354
757-442-4819 • Fax 757-442-9505

Metompkin Elementary School

24501 Parksley Road • Parksley, VA 23421
757-665-1159 • Fax 757-665-1846

Pungoteague Elementary School


28480 Bobtown Road • Melfa, VA 23410
757-789-7777 • Fax 757-789-7778

Orè fonksyonman sèvis swen pou dan an se lendi jiska vandredi, ant 8:30 a.m. ak 5:00 p.m.

Nou resevwa moun tout laj nan sant Atlantic, Eastville ak sant Franktown. Nou resevwa timoun ki gen laj 6 mwa jiska 18 zan nan lokal lekòl nou yo. Pitit ou pa oblije enskri nan youn nan lekòl yo pou kapab ale nan klinik ki nan lekòl yo.

Biwo Santral yo

20280 Market Street • Onancock, VA 23417
757-414-0400 • Fax 757-414-0569
Louvri lendi pou vandredi
8:30 a.m. rive 5 p.m.




EASTERN SHORE Rural Health

Gid Sèvis Swen pou Dan



Nou Pran Swen Tout Moun

www.esrh.org

 Swiv nou nan Facebook
www.facebook.com/esrhs

Misyon nou se pou fè swen primè jeneral konplè fasil pou tout moun jwenn kèlkeswa mwayen yo pou peye.

Nou bay swen sante primè jeneral, pou moun tout gwoup laj, gason ak fanm, referans pou sèvis swen sante espesyalize ak edikasyon sou swen sante pou pasyan yo.

Yon anyè pwofesyonèl Eastern Shore Rural Health System, Inc., Gid pou Dwa ak Responsablite Pasyan ak Gid Lè yon Pasyan pa Vini nan Randevou disponib sou sitwèb www.esrh.org epi enprime nan chak sant.

Pwogram swen pou dan nou bay sèvis konplè kounye a pou popilasyon priyorite ki gen anpil risk, tankou:

- Timoun.
- Fanm ansent, moun ki dyabetik ak pasyan ki gen VIH, oswa k ap resevwa radyo-terapi ak/oswa kimyoterapi pou kansè, oswa k ap prepare pou fè grèf ògàn oswa ranplasman jwenti pwotèz.
- Pasyan ki gen lòt pwoblèm sante konplèks epi ki jwenn referans yon pwofesyonèl medikal Rural Health.

Anplis de sa, y ap konsidere pasyan dantis lokal ki fenk retrete yo depi gen posiblite pou sa.

Gen swen ljans ki disponib pou tout moun k ap viv nan Kot ÈS Vijini (Eastern Shore VA). N ap konsilte plis pasyan pou dan alavni tank pwogram nou an ap grandi.

Sèvis Swen pou Dan

- Netwayaj woutin ak tretman pawodontal.
- Egzamen dan konplè pou ajoute radyografi “tout bouch” la ak radyografi Panorex*.
**Montre machwè siperyè ak machwè enferyè nan menm imaj la.*
- Amalgam (ajan) ak plonbaj konpoze (blan) ak reparasyon dan.
- Ekstraksyon.
- Kanal Dantè.
- Kouwòn asye ki p ap wouye.
- Sipò pou dan ki rache,
- Oksid Nitre pou jèn moun ak pasyan ki gen laperèz.
- Dosye sante elektwonik.
- Chèz dantè pou pasyan andikape ak chanm trankil nan sant Eastville.

Enfòmasyon sou Peman

Nou aksepte asirans Medicaid, Medicaid, HMO ak FAMIS ak pifò asirans prive pou dan. Yon rabè sou frè varyab disponib tou dapre revni ak kantite moun ki nan fanmi an.

Èske ou bezwen èd pou enskri fanmi ou nan yon plan Mache Asirans Sante oswa pou enskri pitit ou nan FAMIS? Espesyalis enskripsyon nan asirans nou ki nan chak sant kapab ede ou! Ale nan www.esrh.org, imèl getcovered@esrh.org org oswa rele nimewo 757-414-0400.

Fwaye Medikal ki Santre sou Pasyan an

Nou se Fwaye Medikal ki Konsantre sou Pasyan.

Pwofesyonèl swen sante nou yo ap travay avèk ou pou asire oumenm ak fanmi ou jwenn pi bon laswenyaj posib la. Yon Fwaye Medikal ki Konsantre sou Pasyan:

- ofri laswenyaj prensipal ki baze sou bezwen swen sante ou ak preferans ou.
- pataje enfòmasyon sou sante ak tout pwofesyonèl swen sante yo.
- kreye yon plan dinamik pou swen sante ou.
- sipòte bezwen ak objektif swen sante ou.

Fwaye Medikal ki Konsantre sou Pasyan yo ofri pi bon swen sante a, frè ki pi ba, ak plis satisfaksyon avèk swen sante ou.

Komite Nasyonal pou Asirans Kalite (National Committee for Quality Assurance) te bay pri prestijye asirans kalite ki rele NCQA Patient-Centered Medical Home Recognition™ bay Eastern Shore Rural Health System, Inc.



Enstitisyon sa a se yon enstitisyon ki bay opòtinite egale pou tout moun.

